


3

Lave men




**Kit pou Fòmasyon sou
Sekirite Alimantè Endistri
Mango a
Izin**



**Producing Safe
Mangos**

Mango
.org




Lave Men



An nou fè yon chita pale sou enpòtans aktivite nap fè yo pou kenbe mango yo pwòp: Lave men. Lave men se yonn nan pibon fason pou nou konbat maladi ak enfeksyon.


Pandan jounen an, men nou touche tout kalite bagay e tout bagay sa yo pa vreman pwòp. Sa vle di ke men nou ka vin kontamine avèk mikwòb. Si nou pa lave men nou, tout pousyè ak mikwòb sa yo ka kontamine mango yo si nou touche yo avèk men nou san lave. Se sa ki fè nou dwe toujou kenbe men nou pwòp.

Notas: _____



Lave Men





Enpòtans Lave Men




Nan imaj sa yo, ou ka wè yon kote pou w lave men w. Nan kèk izin kote pou moun lave men yo ka pi senp pase yon lòt, men yo tout enpòtan pou fè yon bon travay nan izin nan. Kondisyon an senp: lè w byen lave men w, ou ka diminye kantite mikwòb ki nan men w.

Kèlkeswa materyèl yo ba w pou w lave men w, sa ki enpòtan se lave men w kòrèkteman fason yo montre nou nan leson sa.


Lave men se tankou asirans travay paske li ede nan elimine risk pou mango yo kontamine.

Notas: _____



Enpòtans Lave Men





Kilè mwèn sipoze lave men mwèn?




Pou ede evite risk pou mango yo kontamine, ou sipoze lave men w anvan:

- Kòmanse travay.
- Mete gan, si w gen pou w mete.


Ou dwe lave men w tou APRE w fè aktivite sa yo:


- Soti nan twalèt. Se yonn nan moman ki pi enpòtan pou w lave men w. Ou dwe toujou lave men w chak fwa w soti nan twalèt la.
- Lè w soti nan yon poz oubyen lè w sot manje.
- Lè w fin touse ak etènnye nan men w.
- Lè w sot foure dwèt w nan tounen w oubyen w sot manyen figi w.

Notas: _____



Kilè mwen sipoze lave men mwen?





Bon fason pou w lave men w



Gen yon fason estanda pou w lave men w. Tout anplwaye nan izin nan dwe swiv li. Si w sèlman mouye men w ak dlo byen vit, sa pa sifi pou tiye mikwòb ak pwodwi chimik ou gen nan men w. Pi ba nap jwen senk (5) etap pou nou swiv kap montre nou kijan pou nou byen lave men nou:

Etap 1: Mouye men nou ak dlo pwóp.

Etap 2: Savonnen men nou.


Etap 3: Frote men w ak ponyèt nou pandan 10 a 15 segond pou pi piti.

Etap 4: Rense men w ak dlo pou w ka retire tout savon an.

Etap 5: Seche men w ak yon sèvyèt an papye ke wap jete aprè.

Si pa gen savon ak papye kote pou w lave men w lan, di sipèvizè a sa touswit pou yo ka okipe yo de sa.

Notas: _____



Bon fason pou w lave men w

1



2



3




4



5





Etap 1. Mouye men w ak dlo



An nou revwa an detay chak etap pou w lave men w kòrèkteman.


Anvan, vide dlo pwòp sou men w.

Notas: _____



Etap 1. Mouye men w ak dio






Etap 2. Savonnen men w




Aprè, mete yon bon kantite savon oubyen detèjan nan men w.
Savon ede w retire enpe pousyè ak mikwòb ki kole sou po w.

Notas: _____



Etap 2. Savonnen men w





Etap 3. Frote pandan 10 a 15 segond pou pi piti




Frote men ou ak ponyèt w ak fòs pandan 10 a 15 segond pou pi piti.

Pran tan w pou nou retire tout pousyè ki anba zong w epi frote men w, ponyèt w, avèk mitan dwèt w yo tou.


Frote avèk fòs paske li enpòtan pou w frote pou w ka touye bakteri ak pousyè ki nan men w.

Notas: _____



Etap 3. Frote pandan 10 a 15 segond pou pi piti






Etap 4. Rense men w byen rense




Aprè, rense men w byen rense ak dlo pwòp pou w ka retire tout savon ki nan men w.

Notas: _____



Etap 4. Rense men w byen rensse





Etap 5. Seche men w ak yon sèvyèt an papye




Seche men w ak yon sèvyèt an papye oswa itilize lòt mwayen yo bay pou w seche men w tankou yon machin ki bay van oubyen sevyèt yo toujou mete la pou sa.

Ou pa dwe janm seche men w ak rad ou, tabliye w, moso twal ou itilize pou siye pandan wap travay la. Tout bagay sa yo ka fè w kontamine men w ankò.


Senk (5) etap sa yo pral ede w pou w byen lave men w. Si nou twouve yo difisil pou w sonje, al gade desen ki kole bò kote pou w lave men nan bitasyon an kap montre w kijan pou w byen lave men w.

Notas: _____



Etap 5. Seche men w ak yon sèvyèt an papye





Dezenfektan pou Men




Kèk izin ka mande pou w itilize dezenfektan pou men aprè w fin lave men nou. Repase kondisyon Konpanyi paw la mande pou w wè si li nesesè.

Dezenfektan pou men an se yon jèl ki diminye mikwòb ki prezan nan men ki pwòp. Jèl sa a, ou sipoze itilize li APRE w fin lave men w. Ou pagen dwa itilize li pou w pa lave men w.

Ou pagen dwa pou w itilize jèl ou pote soti lakay ou. Epi ou dwe toujou sonje ke jèl la pa la pou li ranplase mouvman lave men an.

[Ou pa oblije itilize dezenfektan pou men pou pwoteksyon manje nan yon bitasyon, men se moun ki vle ki itilize li epi itilizasyon li depann de chak moun.]

Notas: _____



Dezenfektan pou Men





Itilizasyon gan



Kèk izin mande pou anplwaye kap fè yon seri de travay espesyal mete gan nan men yo. Moun sa yo dwe itilize gan ke izin nan bay pou travay la.

Ou mete gan pou w pwoteje mango yo kont kontaminasyon. Men se pa pou w pwoteje men w kont mango yo.


Gendelè gan bay la fè w santi w an sekirite paske gen moun ki panse ke si yo mete gan pandan yap travay la, yo pa bezwen lave men yo aprè.

MEN SA A SE MANTI! Gan yo se tankou men w. Yo rete pwòp sèlman lè yo pa touche ankenn bagay sal. Kidonk li vrèman enpòtan pou w lave men w anvan w itilize yon gan.

Kondisyon prensipal pou yon moun itilize yon gan li senp: TOUJOU lave men w anvan w mete yon gan nèt nan men w.


[Itilizasyon gan yo Pa vrèman nesesè pou sekirite manje yo nan yon bitasyon; se si w vle, epi itilizasyon yo depann de kijan de travay kap fèt nan moman an.]

Notas: _____



Itilizasyon gan






Rekòmandasyon pou itilizasyon gan yo



Sa nou pral li la yo se tout rekòmandasyon pou w swiv pou w byen itilize gan yo:


- Itilize gan sèlman pou yon travay yo mandew pou fè avèk gan epi itilize yon gan ki mezi men w.
 - tilize gan nan tou de men w.
 - Sonje retire gan yo nan men w chak fwa w gen pou w kite kote wap travay la.
 - Chanje yo chak fwa w touche yon bagay ki sal oubyen wap kontamine gan yo.
 - Mete yon lòt gan nèf chak fwa w gen youn ki chire oubyen ki sal.
 - Pa antre nan twalèt yo avèk gan nan men w.
 - Retire gan yo lè w bezwen manje, bwè ak fimen.
 - Pa soufle oubyen woule gan yo pou nou ka mete yo.
 - Jete gan ki itilize deja nan yon poubèl pou fatra, pa jete yo atè a oubyen deyò twalèt yo.
- Sonje ke gan yo pa ranplase lave men an. Si pa gen gan oubyen lòt pwodwi ke w bezwen nan zòn kote wap travay la, di yonn nan sipèvizè yo sa touswit.
- Li enpòtan tou pou w di sipèvizè a si yonn nan gan oubyen moso nan gan w yo tonbe nan mango wap travay ladan yo a.

Notas: _____



Rekòmandasyon pou itilizasyon gan yo





Aktivite: korèk – Pa korèk




Pou nou fini pati sa a nan fòmasyon an jodya, nou pral revwa kèk egzannp sitiyasyon ke nou te aprann jodya ki kapab rive nan yon izin.

[Aktivite sa yo fèt pou yo montre bonjan liyèn pèsònèl pou moun swiv nan kote yap pwodwi mango yo.]


Anplwaye yo ap manyen mango yo avèk yon gan ki pa bon. Toujou mete 2 gan yo lè wap manyen mango yo.


Nan foto a dwat la, nou ka wè menm moun nan ap travay nòmalman avèk 2 gan.

Notas: _____



Aktivite: korèk – Pa korèk





Aktivite: korèk – Pa korèk



Kisa ki pa korèk nan foto a goch la?

Poukisa?

[Bay patisipan yo yon tan pou yo reponn tou de kesyon sa yo.]

Repons: Anplwaye a pa mete gan. Toujou mete gan chak fwa nap kenbe mango.

Nan foto ki a dwat la, nou ka wè ke menm anplwaye sa a pap travay kòrèkteman avèk gan nan de men li.

Se la nou mete fen ak diskisyon nou an sou lave men ak kijan pou nou itilize yon gan.

Eske w gen kesyon?

[Si ou gen GloGerm™ oubyen krèm GlitterBug®, ou kapab fè aktivite lave men an ki nan lòt paj la. Si w pa gen krèm nan, li enpòtan pou w modifiye aktivite sa a pou montre kijan pou lave men nan espas ki rezève pou sa.]


Mèsi anpil pou patisipasyon w. Tanpri sonje siyen oubyen ekri non w sou fèy prezans lan

Notas: _____



Aktivite: korèk – Pa korèk





Aktivite pou aprann lave men



Objektif aktivite sa a se montre kijan pou lave men kòrekteman:

1. Pare krèm GloGerm™ oubyen GlitterBug® lan ak lanp limyè ultravyolè a. Ou ka kòmande kit GloGerm™ oubyen GlitterBug® lan nan adrès sa yo:

- Konpayi GloGerm™ <http://www.glogerm.com/> 800-842-6622
- GlitterBug® Brevis Co. - <http://www.glitterbug.com/> - 801-466-6677

2. Anvan w kòmanse aktivite sa a gade si genyen yon kote pou lave men tou pre kote fòmasyon an ap fèt la. Fòk kote a gen dlo pwòp, savon likid, sèvyèt an papyè ak yon poubèl.

3. Mennen patisipan yo kote yo lave men an.

4. Mete krèm GloGerm™ oubyen GlitterBug® lan nan men w epi mande patisipan yo si gen nan yo ki volontè pou pase yon ti krèm nan men yo.

5. Mete men w avèk men volontè yo anba lanp limyè ultravyolè a epi mande lòt patisipan yo pou yo gade byen. Pou yo ka wè sak pral pase ak krèm nan anba limyè ultravyolè a, fòk kote a pa genyen yon limyè ki twò fò.

6. Mande volontè yo pou yo rense men yo sèlman olye pou yo lave yo byen.


7. Konyan lave men w, itilize etap pou lave men ki korèk yo.

8. Mete men w anba lanp limyè ultravyolè a epi montre patisipan yo kòman men w pa klere. Lèfini mande volontè yo pou yo mete men yo anba limyè a epi fè group la gade kijan men volontè yo klere.

9. Mande patisipan yo ki sak pase, poukisa men volontè yo rete klere e poukisa men pa w pa klere.

Si w pa gen krèm nan, ou ka sèlman montre patisipan yo kòman pou yo lave men yo kòrekteman kote yo lave men an. Dabò, wap fè l ou menm epi apre wap mande yonn nan patisipan yo pou l lave men l kòrekteman avan l rekòmanse travay.

Notas: _____



Aktivite pou aprann lave men

